



Sanctifiez-vous

San Sanktifikasyon, pa gen moun k'ap ka wè Seyè a (Ebre 12 v14)

Meditasyon espesyal pou timoun **12 jiska 17 an**

Sijè : Vini yon timoun ki chwazi kenbe kò li nan kondisyon pou sèvi BonDye.

Vèsè : 2 Korent 7:1 - (...), *ann kenbe kò nou ak nanm nou nan kondisyon pou n' sèvi Bondye! Ann voye tout bagay ki ka wete nou nan kondisyon sa a jete! Ann chache viv apa pou Bondye! Ann viv nan krentif li.*

Leson : Lè kretyen yo ap pale de kenbe kò nou, nou toujou panse ke sa gen rapò ak kesyon fi ak gason. Men, nou vle ale pi lwen ke sa. *Kisa sa vle di yon timoun ki kenbe kò li ? Kòman nou ka konprann poukisa BonDye mande nou pou nou kenbe kò nou, pou nou pa ale nan relasyon fi ak gason avan nou marye ?*

Kenbe kò nou jiskaske nou marye, li plis ke yon prensip. An reyalite, se yon fason ou ekspriye lanmou ou gen nan kè w pou BonDye.

Li trè difisil pou nou kenbe kò nou, pandan nap viv nan yon sosyete ki kowonpi konsa, kote ke blag n'ap fè, mizik an vòg n'ap tande yo, ak anpil lòt bagay ankò, tout chita plis sou kesyon relasyon fi ak gason. Jounen jodi a, anpil moun regrèt dèske yo pat kenbe kò yo.

Sa pou nou sonje : Pitit mwen, si BonDye mande nou pou nou pa fè yon bagay, se pa vle li pa vle nou jwi kèlke privilèj, men se pou li ka ba nou yon bagay ki pi bon. Jodi a, li vle pou nou kenbe kò nou.

Refleksyon : Lè ou kenbe kò ou, se chwazi ou chwazi fè sa BonDye mande w' yo pase avan sa ou ta renmen yo, sa ou dezire yo. Èske ou prè pou ou pase dezi ou yo dèyè, sakrifye yo, pou w' kapab respekte sa BonDye mande yo ?

Konsèy : Pou w' kapab kenbe kò ou, ou dwe evite tout sa ki ka sal lespri ou. Yon timoun ki kenbe kò li ap gen gwo enpak sou zanmi li yo, sou fanmi li ak kote l'ap viv, paske alèkile, prèske pa gen moun nan mond sa ki vle kenbe kò yo.

Amen ?

🙏 **Ann priye pou nou kapab kenbe kò nou pou nou sèvi BonDye.** 🙏

Chante : *Nou p'ap fònikè* - Holly Guelce

Gade sou : https://youtu.be/uIc1ACYP_vo

Pou mande konsèy, temwanyaj oswa lapriyè, ekri nou sou: sanctifiezvous@gmail.com

Swiv nou sou Facebook, Twitter, Instagram ak sou entènèt la:

www.sanctifiezvous.wordpress.com